МКОУ «Кокрекская СОШ» РД

«Согласовано»
зам. директора по УВР
_______ Алиев А.Н.
«30» августа 2017 г.

«Утверждено»
Директор МКОУ «Кокрекская СОШ»
_______ Омаров Х.Н.
«__» ______ 2017 г.

# 6 КЛАССАЛЪУЛ АВАР МАЦӀАЛЪУЛ ХӀАЛТӀУЛ ПРОГРАММА.

(Учебник : М.М.МуртазагIалиев)

СагIтазул къадар: 68

Анкьида жаниб сагIтазул къадар: 2

Авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим:

Юнусова Муъминат Гаджиевна

# Баяналъул кагъат.



ХIалтIул программа гIуцIун буго гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул программаялъул кьочIодалъун.
Авар мацIалъул программаялъул автор: ХIасанов А. Гь.
Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб.
МахIачхъала: НИИ педагогикаялъул издательство.
Авар мацIалъул тематикияб план гIуцIун буго учебникалдаса «Авар мацI 8-9 кл.».
Автор: А.Гь. ХIасанов.
Махачкала: издательство НИИ педагогики.
Программаялда бихьизабун буго 68 сагIат.
Калам цебетIезаби: 15 сагIат.

## СагIтазул рикьи:

**Авар мацIалъул хIакъалъулъ кьокъаб баян. Рахьдал мацIалъулги гIурус мацIалъулги цоцаздехун бугеб гьоркьоблъиялъул хIакъалъулъ. (1 с.)**

**Лексика ва фразеология. (6 с.)**

1. Лексикаялъул хIакъалъулъ V классалда малъараб материал такрар гьаби. Киназго хIалтIизарулел рагIаби. Диалектиял ва пишачиялъул рагIаби. Цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби. ЦIиял ва басралъарал рагIаби. Фразеологиял сверелал.
2. Лексикаялъул разбор гьабизе ругьун гьари. Словаралдаса цIиял ва басралъарал рагIаби ратизе ругьун гьари. Фразеологияб словарьгун лъай-хъвай гьаби. ЦIиял ва басралъарал рагIаби, фразеологиял сверелал, цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби каламалъулъ хIалтIизаризе лъай

**РагIи лъугьин ва орфография (10 с.)**

1. V классалда малъараб материал такрар гьаби. Морфологияб къагIидаялъ цIиял рагIаби лъугьин:
   а) суффиксаздалъун;
   б) кIиго рагIи, яги кIиго кьибил жубаялдалъун.

РагІул суффиксаздалъун, удареният бакІ хисиялдалъун, цо каламалъул бутІаялъул рагІаби цогиялде свериялдалъун цІиял рагІаби лъугьиналъул хІакъалъулъ авалияб бичІчІи.

2. БатІи-батІиял суффиксаздалъун цІиял рагІаби лъугьинаризе ругьун гьари. Журарал, журарал къокъ гьарурал рагІаби кІалзул ва хъвавул каламалъулъ битІун хІалтІизаризе ругьун гьари.

## Предметияб цІар ( 7 с.)

1. Предметияб цІар падежазде свери (ц.ф.). Предметияб цІаралъул гІемерлъул форма лъугьин. (Тема гІатІид гьаби). ГІемерлъул формаялда предметиял цІарал падежазде свери. Предметияб цІар падежазде свериялъул тайпаби: I свери, II свери, III свери. Падежазул ахиразул битІунхъвай. Предметияб цІаралъул суффиксазул битІунхъвай. Журарал предметиял цІаразул битІунхъвай.
2. Предметиял цІаразул морфологияб разбор гьабизе лъай. Суалаздалъун предметияб цІаралъул падежал рихьизаризе лъай. Суалазда рекъон предметиял цІарал падежазда лъезе, актив падежалъул ахиралде балагьун, падежазул свериялъул тайпаби чІезаризе лъай. БатІи-батІиял падежазул формабазда ругел предметиял цІарал жиндирго каламалъулъ хІалтІизаризе лъай. РагІабазул суффиксал рихьизаризе ва гьезул кумекалдалъун батІи-батІияб магІнаялъул предметиял цІарал лъугьинаризе лъай.

## Прилагательное (6 с.)

1. Прилагательное. ГІаммаб магІна, морфологиял гІаламатал ва синтаксияб роль. Прилагательное жинсгун формаялъулъ предметияб цІаргун рекъонккей. Качествиял, гьоркьоблъиялъулал ва бетІергьанлъи бихьизабулел прилагательноял. Предметияб цІарлъун хІалтІизарурал прилагательноял падежазде свери. Журарал прилагательноязул битІунхъвай. ГІурус мацІалдаса рачІарал прилагательноязул битІунхъвай.
2. Синонимиял ва антонимиял гІаламатал рихьизарулел прилагательноял каламалъулъ хІалтІизаризе лъай. Предметалъул батІи-батІиял гІаламатал рихьизарулел прилагательноял каламалъулъ хІалтІизаризе лъай. Кинаб бугониги предметалъе прилагательноялдалъун характеристика кьезе лъай. Прилагательное жинсалъулъ ва формаялъулъ предметияб цІаргун рекъон ккезабизе лъай (багІарав, багІарай, багІараб, багІарал).

## РикІкІен (7 с.)

1. РикІкІен. ГІаммаб магІна, морфологиял гІаламатал, синтаксияб роль. ГІуцІиялде балагьун гІадатал, журарал, составиял рикІкІенал ва гьезул битІунхъвай. Къадаралъул рикІкІен ва разрядал; цадахълъи бихьизабулел, щаклъи

бихьизабулел, тIолгоьи бихьизабулел, бутIа бичIчIизабулел (дробазул); гьезул битIунхъвай. Иргадул рикIкIен, гьеб лъугьунеб куц ва гьелъул битIунхъвай. Къадаралъул ва иргадул рикIкIеналъул цIар падежазде свери.
2. Предметияб цIаргун рекъонккезабизе лъай. (5 бакI, 5-10 вас, 1941-1945 абилел сонал). БатIи-батIиял падежазул формабазда рикIкIен каламалъулъ хIалтIизабизе лъай.

ЦIарубакI(5 с.)

1. ЦIарубакI. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал, синтаксияб роль. МагIнаялде балагьун цIарубакIазул разрядал: гьумералъул, ишараялъул (манзил бичIчIизабизе ккола), баяналъул, баянлъи гьечIел, суалиял, абсолютиял (гьечIолъиялъул), жиболъиялъул. ЦIарубакIал падежазде свери. ЦIарубакIазул битIунхъвай.
2. ЦIарубакIал жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай. Гьумералъул цIарубакIал ниж, нилъ, нуж битIун хIалтIизаризе лъай. Предметияб цIаралъул бакIалда цIарубакI хIалтIизабизе лъай. Баяналъул, баянлъи гьечIел ва абсолютиял цIарубакIал гIадатал падежазде сверизаризе лъай.

Причастие (5 с.)

1. Причастие – глаголалъул хасаб форма. Причастие лъугьунеб куц. Причастиялъул глаголда ва прилагательноялда релълъарал гIаламатал. Предложениялда жаниб причастиялъул роль. Причастиял сверелал ва гьезулъ лъалхъул ишараби. Причастиялъул заманаби: араб, гIахьалаб, бачIунеб. Причастиялъул баголъиялъул ва гьечIолъиялъул формаби. Предметияб цIарлъун хIалтIизабураб причастие падежазде свери.
2. Предметияб ц1аргун причастие рекъон ккезабизе, хасго жинсиял глаголаздасан лъугьараб причастие предметиял ц1аралгун рекъезабиялъул хаслъи лъай. Причастиял сверелал рат1а рахъизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари. Глаголаздаса лъабабго заманалъул причастиял лъугьинаризе лъай.

Деепричастие (5 с.)

1. Деепричастие – глаголалъул хасаб форма. Деепричастиялъул глаголалда ва наречиялда релълъарал гIаламатал. Предложениялда жаниб деепричастиялъул роль. Деепричастиялъул заманаби: араб, гIахьалаб; ва гьел лъугьунеб куц. Деепричастиял сверелал ва гьезулъ лъалхъул ишараби.
2. Деепричастиял лъугьинаризе ва гьел жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай, деепричастиял сверелал ратIарахъизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьун гьари.

Такрар гьаби (1 с.)

**6 классалда щибаб четверталда гьарулел батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазул къадар.**

| Четверть. | I | II | III | IV |
|---|---|---|---|---|

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Диктант. | 2 | 1 | 1 | 1 |
| Контролияб диктант. | 1 | 1 | 1 | 1 |
| Изложение. | 1 | 1 | | 1 |
| Сочинение. | | 1 | 2 | |

| Четверть. | РагIи |
|---|---|
| Диктант. | 90-100 |
| Словарияб диктант. | 15 - 20 |
| Изложение. | 140 - 148 |
| Сочинение. | 120 (тIанчил гьум. 1 - 1,5) |

# Кьиматал лъезе чIезарурал нормаби.

## Диктантазе кьимат лъолеб куц.

| | |
|---|---|
| «5» | кьимат лъола гъалатI гьечIеб хIалтIуе. Гьеб кьимат лъолеб диктанталда букIине бегьула битIунхъваялъулъ биччараб 1 сакъат (гьитIинаб гъалатI) яги лъалхъул ишараби лъеялъулъ ккараб 1 гIунгутIи. |
| «4» | кьимат лъола битIунхъваялъулъ 2 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 2 гъалатI бугеб, яги битIунхъваялъулъ 1, лъалхъул ишарабазулъ 3, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатIги гьечIеб, лъалхъул ишарабазулъ 4 гъалатI биччараб диктанталъе. Лъезе бегьула битIунхъваялъулъ цого тайпаялъул 3 гъалатI ккун батани. |
| «3» | кьимат лъола битIунхъваялъулъ 4 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI батараб диктанталъе, яги битIунхъваялъулъ 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 5, яги битIунхъваялъулъ цониги гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 7 гъалатI ккараб хIалтIуе. |
| «2» | кьимат лъола битIунхъваялъулъ 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 8, яги битIунхъваялъулъ 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 9, яги битIунхъваялъулъ 8 ва лъалхъул ишараби лъеялъулъ 6 гъалатI биччараб диктанталъе. |
| «1» | кьимат лъола кIийилаб кьиматалъе рихьизарураздаса цIикIкIун гъалатIал ругеб диктанталъе. |

Диктанталъе гъалатIал рикIкIунеб чанго батIияб къагIида бихьизабун буго. Амма щибаб кьиматалъе гъалатIазул гIурхъи чIезабун буго. «4» кьиматлъе гьединаб гIурхъилъун ккола битIунхъваялъул 2 гъалатI, «3» кьиматалъе 4 битIунхъваялъул гъалатI, (5 классалъе битIунхъваялъул 5 гъалатI) , «2» кьиматалъе 7 битIунхъваялъул гъалатI. Гьеб чIезабураб гIорхъодаса гъалатIазул къадар тIаде ани, рехсарал кьиматал лъезе бегьуларо.

## Грамматикиял тIадкъаял тIуразариялъе кьиматал лъолеб куц:

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола, гъалатI гьечIого, киналго тIадкъаял тIуран ратани. |
| «4» | къимат лъола, киналго тIадкъаязул ункъилъа лъабил бутIа (3/4) битIун гъабун батани. |
| «3» | къимат лъола, бащадалниги тIадкъаял битIун гъарун ратании. |
| «2» | къимат лъола, бащадалдаса дагь гурони, битIун тIураразул тIадкъаял ратичIони. |
| «1» | къимат лъола, цIалдохъанас циниги тIадкъай тIубан батичIони. |

**Контролияб словарияб диктанталъе къиматал лъолеб куц:**

| | |
|---|---|
| «5» | къимат лъола гъалатI гьечIеб диктанталъе |
| «4» | къимат лъола 1-2 гъалатI биччан батараб диктанталъе. |
| «3» | къимат лъола 3-4 биччан батараб диктанталъе. |
| «2» | къимат лъола 5-ялдаса 7-ялде щвезегIан гъалатIал ккун ратани. |
| «1» | къимат лъола 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI биччан батани. |

## Сочинениязе ва изложениязе къимат лъолеб куц.

| Къимат-тал | ХIисабалде росизе ккола аслиял рахъал | |
|---|---|---|
| | МагIна ва калам гIуцIи | БитIунхъвай |
| «5» | Къураб темаялдаса къуричIеб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гъалатI гьечIолъи. Планалда рекъараб, гьеб гьечIогоги, хадуб цебе рекъон бачIараб магIна букIин. ХIалтIи букIине ккола бечедаб, лексикаялъул, рагIи херхиналъул рахъалъ мухIканаб, предложениязул гIуцIиялъул ва гьел дандраялъул рахъалъан батIи-батIиял ресаздаса пайда босараб. Текстальул мацIалъул букIуна дурусльи ва гIураб пасихIлъи. БукIине бегьула магIнаялъулъ 1 сакъатги, калам гIуцIиялъулъ 1-2 гIунгутIуги. | БукIине бегьула 1 битIунхъваялъул, яги 1 лъалхъул ишараби лъеялъул, яги 1 грамматикияб гъалатI. |
| «4» | Къураб темаялдаса дагьа-макъабго гурони къури гьечIеб магIнаялъул хIалтIи. Аслияб къагIидаялъ хIасил битIарабги букIун, магIнаялъулъ цо-цо сакъат ккараб. Хъвараб жо хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ дагьа-макъал гIунгутIаби ругеб. Калам гIуцIизе рагIул бечелъиялдаса ва грамматикиял къагIидабаздаса гIураб къадаралда пайда босараб. Бицунеб жоялда мухIканаб рекъараб литературияб мацI букIин. Гьениб ккун букIине бегьула магIнаялъулъ 2 сакъат, калам гIуцIиялъулъ 3-4 гIунгутIи. | БукIине бегьула битIунхъваялъул 2, лъалхъул ишараби лъеялъул 2 гъалатI, яги битIунхъваялъул 1 ва лъалхъул ишарабазул 3, яги битIунхъваялъул гъалатI гьечIеб, лъалхъул ишараби лъеялъулъ 4 гъалатI, гьединго 2 грамматикияб гъалатIги. |
| «3» | ХIасил къураб темаялдаса лъикIго къуризе биччан бугеб. Аслияб къагIидаялъ | БукIине бегьула битIунхъваялъул 4, лъалхъул |

| | | |
|---|---|---|
| | *хIасил битIараб бугони, магIнаялъулъ гIунгутIаби риччараб. Хадуб-цебе рекъон бачIиналъулъ цо-цо сакъатал ругеб. Мукъсанаб лексикаялъул, цого тайпаялъул предложенияздаса данде гьабураб хIалтIи батани, мекъи рагIаби хIалтIизариялъул хIужжаби дандчIвалеб. МацIалъул рахъалъан дурусльи, мухIканльи цIунизе кIвечIеб. Хъвалеб жоялъул магIнаялъулъ 4 сакъат ва калам гIуцIиялъулъ 5 гIунгутIи ккун букIине бегьула.* | *ишараби лъеялъул 4 гъалатI, яги битIунхъваялъул 3 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 5 гъалатI, яги битIунхъваялъул гъалатIги гьечIого, лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI(5 кл.: битIунхъваялъул 5 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 4 гъалатI, гьединго грамматикияб 4 гъалатI).* |
| **«2»** | *Кьураб темаялда данде ккоლареб хIасилалъул хIалтIи. МагIнаялъулъ гIемерал гIунгутIаби риччараб. Хъвараб жоялъул кинալго бутIабазда гьоркьоб хадуб-цебе рекъон бачIиналъул тартиб гьечIеб, текст планалда данде ккоლареб. ЦIакъго мукъсанаб лексикаялъул, къокъал, цого тайпаялъул, цоцаздехун загIипаб гурони бухьен гьечIел предложенияздасан гIуцIараб, мекъи хIалтIизарурал рагIаби ругеб хIалтIи. Текстальул магIнаялда рекъараб мацI гьечIеб. МагIнаялъулъ 6 ва калам гIуцIиялъулъ 7 гIунгутIи ккун букIине бегьула.* | *Биччан букIине бегьула битIунхъваялъул 7 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 7 гъалатI, яги битIунхъваялъул 6 ва лъалхъул ишараби лъеялъул 8, яги битIунхъваялъул 5, лъалхъул ишараби лъеялъул 9 гъалатI.* |
| **«1»** | *ЦIалдохъанас хъвараб хIалтIулъ биччан бугони магIнаялъулъ 6-ялдаса цIикIкIун ва калам гIуцIиялъулъ 7-ялдаса цIикIкIун гъалатI.* | *Биччан батани 7-ялдаса цIикIкIун битIун-хъваялъул ва 7-ялдаса цIикIкIун лъалхъул ишарабазул ва 7 грамматикияб гъалатI.* |

*Баян. 1. Мисалияб къадаралдаса сочинение 1,5-2 нухалъ кIудияб яги гьитIинаб бугони, битIунхъваялъе «4» къимат лъолелъул цо, «3» къимат лъолелъул кIиго гъалатI тIаде жубала яги тIаса бахъула. Масала, «4» къимат лъола битIунхъваялъул 3, лъалхъул ишараби лъеялъул 2, грамматикаялъул 2 гъалатI батани, яги гьебго тартибалда:2-3-2, 2-2-3, «3» къимат лъола битIунхъваялъул 6, лъалхъул ишараби лъеялъул 4, грамматикаялъул 4 гъалатI бугони, яги гьебго тартибалда гьадинаб къадаралъул гъалатIал ратани:4-6-4,4-4-6. 2. КъучIаб, жиндирго пикруялда берцинаб литературияб мацIалъ цIалдохъанас гъваридаб магIнаялъул сочинение хъван батани, учителас цо ракъаналъ цебесеб (ай адабияталъе лъолеб) къимат тIаде бачине бегьула. 3. ХIасилалъухъ ва калам гIуцIиялъухъ лъикIаб къимат лъезе рес гьечIо, сочинениялъул тема рагьун батичIони, гьелъул цогидал рахъал рагьунел ругониги.*

## Ругъунлъиялъул хIалтIабазе къимат лъолеб куц.

Контролиял хIалтIабазда дандеккун, ругъунлъиялъул диктантазе ва цогидалги батIи-батIиял хъвавул хIалтIабазе къимат лъола дагьаб къваризабун.

Ругъунлъиялъул хIалтIабазе къимат кьолелъул хIисабалде босула:

1) Живго жиндаго чIун цIалдохъанасухъа бажарараб жо;
2) Малъараб материал бичIчIун бугеб куц;
3) ХIалтIул кIодолъи-гьитIинлъи.

Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабун бугони, «5», «4» къиматал лъола цониги гъалатI гьечIеб, ккараб жинцаго битIизабураб хIалтIиялъе. Гьезда гьоркьосанги цояб къимат тIаса бищи бараб буго хIалтIул бацIцIалъиялда, хатIалъул берцинлъиялда.

Диктанталдаса кIудияб ругъунлъиялъул хIалтIуе «4» къимат лъезе бегьула, 1-2 гъалатI ккунги букIун, гьелги жинцаго ритIизарун ратани. Классалда букIа, рокъоб букIа цIалдохъанас хъвараб ругъунлъиялъул хIалтIухъ хал гьабула, гьелъие къимат лъей-лъунгутIи живго учителасул иш буго: кIвар бугелъе лъела, гьечIеб бер щвезабун тезеги бегьила. Ккезе бегьулел гъалатIазде цебеккунго лъималазул кIвар буссинабичIого, тIубанго жалго жидедаго чIун, цIалдохъабаз хъварал хIалтIабазе къимат лъола гьеб тайпаялъул контролиял хIалтIабазе чIезарурал нормабазда рекъон.



# Авар мацIалъул

# ва адабияталъул

# 6 классалъул

# тематикияб

# план.



VI классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун

## ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал.

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

- цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби, цIиял ва басралъарал рагIаби, фразеологиял сверелал;
- морфологияб къагIидаялда рагIи лъугьинабизе;
- цолъул ва гIемерелъул формаялда предметиял цIарал падежазде сверизаризе;
- гIадатаб ва жубараб прилагательное лъугьинабизе;
- ургадул рикIкIеналгун предметиял цIарал рекъон ккезари;
- причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе;
- рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе;

**ЦIалдохъабазда бажаризе ккола:**

**Орфографиялъул рахъалъан:**

- предметиял цIаралъул суффиксал битIун хъвазе;
- журарал предметиял цIарал битIун хъвазе;
- батIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса лъугьарал прилогательноял битIун хъвазе;
- рикIкIен ва цIарубакIал битIун хъвазе;

**Пунктуациялъул рахъалъан:**

- причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе;

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

- гIемерлъул формаялда цIарубакIазул падежиял ахирал битIун цIализе;

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

- жубараб план гIуцIизе;
- батIи-батIиял темабазда тIасан хабарияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине;
- темаялъул аслияб пикруги хIисабалде босун, сочинениялъе материал данде гьабизе ва гьеб тартибалде ккезабизе;
- цо сундул бугониги суратги цебе чIезабун, хабар гIуцIизе;

- бахIс ккараб темаялда тIасан макъала хъвазе.

| № | Дарсил тема | Дарсида гьабулеб хIалтIул система | Словарияб хIалтIи | р/хI | КЪо Моц1 | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Рахьдал мацIалъулги гIурус мацIалъулги цоцаздехун бугеб гьоркьоблъи. | ХI. 1 бицун тIубазе, хI. 2, 5 хъвазе. Гъум. 5 хI. 4 хъвазе. | ТIикъва, дегIен, раса, барти, хIехь, рохьил рацIцIалъи, давла, кьинчч, рохил хIет. | Соч. (излож.) къачIалеб куц цIализе. | 1.09 | |
| 2 | Лексика ва фразеология.<br>Киназго хIалтIизарулел рагIаби. | ХI. 1,2 бицун тIубазе, хI. 5 хъвазе.<br>ХI. 1 бицун тIубазе, хI. 4 хъвазе. | ТIуцаб, къабукъараб, мухIур, гIадалнах | § 1<br>§ 2 хI. 4 | 4.09 | |
| 3 | **Диктант.** | | | | 8.09 | |
| 4 | Диалектиял ва пишачилъиялъул рагIаби.<br>Цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби. | ХI. 1 хъвазе.<br>ХI. 1 хъвазе. | КъохьолъалкIач, щарил нах, хьонбакI | § 3-4 | 11.09 | |
| 5 | ЦIиял ва басралъарал рагIаби. | ХI. 1 бицу тIубазе.<br>ХI. 2 хъвазе. | ХI. 4 баян гьабизе. | § 5 | 18.09 | |
| 6 | **Калам цебетIезаби.**<br>**Изложение «БахIарчиясул иш».** | | | | 22.09 | |
| 7 | Фразеология. | ХI. 1, 2 бицун тIубазе, хI. 5 хъвазе. | | § 6 хI. 4 суал. ва тIадкъа ял | 25.09 | |
| 8 | **Калам цебетIезаби.**<br>**Фразеологиял сверелалги гьорлъе ккезарун предложениял гIуцIизе.** | | | | 29.09 | |
| 9 | 5 классалда малъараб материал такрар гьаби. | ХI. 1,2 бицун тIубазе, 3 хъвазе. | Сухъмахъал, дваргъи, гIентIеро | § 7 | 02.10 | |
| 10 | Морфологияб къагIидаялъ рагIи лъугьин.<br>**а) суффиксазул кумекалдалъун.** | ХI. 1, 2 хъвазе. | ЧIимих, эгъе, раса, ратIа, хъала, лага | § 8 хI. 3 | 04.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 11 | Творческияб диктант. | | | | 09.10 | |
| 12 | Морфологияб къагIидаялъ рагIи лъугьин.<br>**б) кIиго рагIи яги кIиго къибил жубан.** | XI. 2, 3 бицун тIубазе, хI. 5,6 хъвазе. | Рахъухъирщ, анкькIач, ассгъечI,ахIулгама, анцIгъат | § 8 хI. 4 | 11.10 | |
| 13 | Калам цебетIезаби.<br>**Тексталда тIад хIалтIи гьаби (текст гIурусалдаса авар мацIалде буссинаби).** | | | | 16.10 | |
| 14 | Морфологияб къагIидаялъ рагIи лъугьин.<br>**в) бакIалъул гIадамал рихьиза рулаго, рагIул къолболъ хиси ккеялдалъун. г) цо каламалъул бутIа цогиялъул бакIалда хIалтIизабиялъги рагIуе цIияб магIна кьола.** | XI. 1, 2, 3 бицун тIубазе, хI. 4 хъвазе.<br>XI. 1 бицун тIубазе. | Хъумур , чIел, маххугел, миккицIулакьо, къайицадахъал | § 8 | 18.10 | |
| 15 | Контролияб диктант. | | | | 23.10 | |
| 16 | Морфологияб къагIидаялъ рагIи лъугьин. **Такрар гьаби.** | ГIамлъул хIалтIаби. | | | 25.10 | |
| 17<br>II ч. | Журарал къокъ гьарурал рагIаби.<br>Тест. | XI. 1, 2 бицун тIубазе, хI. 3 хъвазе . | ВДНХ, КП, МИД, КГБ, комдив, ПТУ, совхоз | Контр. суалал ва тIадкъ аял. | 06.11 | |
| 18 | **Предметияб цIар.**<br>Предметияб цIаралъул хIакъалъулъ цебеккун малъараб | XI. 1, 2 бицун тIубазе, хI. 3, 4 хъвазе . | ГIари, къадакo, гьегь, чан, чIондокьев, гIер | § 10 | 08.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | материал такрар гьаби. | | | | | |
| 19 | Калам цебетIезаби.<br>**Хъулухъалъулал кагътал данде гьари: гIарза, расписка хъвазе ругьун гьари.** | | | | 13.11 | |
| 20 | Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма такрар гьаби. | ХI. 1, 2, 3 хъвазе, хI.5, 6 хъвазе. | ГIала, хъала, чотIахъан, гира-гара, гIурдада | Гьу м. 29 хI. 4 | 15.11 | |
| 21 | Диктант. | | | § 62 | 20.11 | |
| 22 | Предметияб цIаралъул цолъул ва гIемерлъул форма такрар гьаби. | Гьум. 30 хI. 1, 4, 5 гьум. 31 хI. 2,3 бицун тIубазе, хI. 5 хъвазе. | Пандур, давагьин, хIехь, гьорчо, кIамури | Гьум. 32 хI. 6 | 22.11 | |
| 23 | Калам цебетIезаби.<br>**Сочинение «Хасалихълъиялъул хIухьел».** | | | | 27.11 | |
| 24 | БакIалъул падежал. | ХI. 1,3 хъвазе, хI. 2 бицун тIубазе | Бурияб, тIалу | § 11 | 29.11 | |
| 25 | Предметияб цIаралъул форма. | ХI. 1, 5 бицун тIубазе, 2, 3 хъвазе. | РечIчIухъан, гIари, сали, хIатI, хIарщул макъар, тIатIи. | § 12 хI. 4 | 04.12 | |
| 26 | Калам цебетIезаби.<br>**Изложение «ЧIохъа багьадур».** | | | | 06.12 | |
| 27 | ГIемерлъул формаялда предметияб цIар падежазде свери. | ХI. 1, 6 бицун тIубазе, хI. 2, 3, 4 хъвазе. | Ирс, гьегь, парс, лагь | § 13 хI. 7 | 11.12 | |
| 28 | Предметияб цIаралъул суффиксал. | ХI. 1, 2, 4 хъвазе, хI. 5 бицун тIубазе. | КIерело, перело, сумало, гьанаркIо, итаркIо, кIодоч, къохьоч, цидук | § 14 хI. 6 | 13.12 | |
| 29 | Контролияб диктант.<br>Тест. | | | | 18.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 30 | Журарал предметиял цIарал ва гьезул битIунхъвай. | XI. 1,бицун тIубазе, хI. 2, 3 хъвазе | МахIкъеш, гьобочIикI, оцбай, гIебсахъурщ, цудунбарщ, гъоркьчIел | § 15 хI. 4 | 20.12 | |
| 31 III ч. | Предметияб цIаралъул разбор. Контролиял суалал ва тIадкъаял. | Предм. цI. морфолог. разбор гьаби. Контролиял суалал ва тIадкъаял. | Сухъмахъ, щоб, цагъур, хвалчен, мичI | Предм. цI. морфолог. разбор гьаби. | 25.12 | |
| 32 | Прилагательное. | XI. 1, 2, 4 хъвазе. | Расалъи, лъабгIин, чIегIербоцIи, мусудул, гIолилал | § 17 хI. 3, 5 | 27.12 | |
| 33 | **Калам цебетIезаби.** **Сочинение «Хасалил къо».** | | | | 10.01 | |
| 34 | Качествиял прилагательноял. | XI. 2 бицун тIубазе, хI. 1, 3, 4 хъвазе | | § 18 хI. 5 | 15.01 | |
| 35 | **Диктант.** | | | | 17.01 | |
| 36 | Гъоркьоблъиялъул прилагательноял. | XI. 1, 3 хъвазе. | Бакълъулаб, хьонлъулаб, кIалгIа, ритIучI, сурмияб | § 19 хI. 4 | 22.01 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 37 | Прилагательноял лъугьунеб куц. | XI. 1, 2 хъвазе, хI. 4, 7 бицун тIубазе. | | § 20 хI. 5 | 24.01 | |
| 38 | **Калам цебетIезаби.** **Школалъул газеталде макъала хъвай.** | | | | 29.01 | |
| 39 | Предметияб цIаралъул бакIалда хIалтIизабулеб прилагательное падежазде свери. | XI. 2 бицун тIубазе, хI. 1, 3, 4 хъвазе. | Ессарухъан, дегIен, огъохъат, тIом, кенчIераби | § 21 хI. 6 | 31.01 | |
| 40 | ГIурус мацIалдаса рачIарал | XI. 1, 5 хъвазе. | Басмахана, айгъир, | § 22 хI. 4 | 05.02 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | прилагательноязул битIунхъвай. | | конференция, ядернияб, авал | | | |
| 41 | Калам цебетIезаби.<br>**Пикру загьир гьабиялъул сочинение «Щибизе цIализе кколел?»** | | | | 07.02 | |
| 42 | Прилагательноялъул разборалъул тартиб.<br>Контролиял суалал ва тIадкъаял. | Прилаг. морф. разбор гьаби. Контролиял суалал ва тIадкъаял. | ГIондокь, чапар, чIагIа, жайран, бис | Прилаг. морф. разбор. | 12.02 | |
| 43 | Диктант (тIадкъаялгун). | | | | 14.02 | |
| 44 | РикIкIен. | XI. 2, 4, 5 хъвазе. | Дурц, пиринчI | § 24 хI. 3 | 19.02 | |
| 45 | РикIкIеналъул гIуцIи. | XI. 1, 3 хъвазе. | | § 25 хI. 7 | 21.02 | |
| 46 | РикIкIеналъул разрядал. | XI. 2, 3, 4 хъвазе, хI. 5 бицун тIубазе. | Саржин, ессарухъан, манифест, тарих | § 26 | 26.02 | |
| 47 | Калам цебетIезаби.<br>**Сураталда тIасан хабар гIуцIизе.** | | | Контр. суалал. | 28.02 | |
| 48 | Иргадул рикIкIен. | XI. 1, 5 бицун тIубазе, 2, 4 хъвазе. | | § 27 хI. 3 | 05.03 | |
| 49 | Контролияб диктант. Тест. | | | | 07.03 | |
| 50 IVч. | РикIкIенал падежазде свери. | XI. 2 бицун тIубазе, хI. 1 хъвазе. | Низам, дурусго | § 29 | 12.03 | |
| 51 | РикIкIеназул битIунхъвай.<br>РикIкIеналъул морфологияб разбор. | XI. 3, 4 хъвазе. РикIкIеналъул морфологияб разбор. | | § 28, 30 контр. суалал. | 14.03 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 52 | ЦIарубакIазул магIна.<br>ЦIарубакIазул разрядал. | § 31 хI. 7 хъвазе.<br>§ 31 хI. 1 хъвазе | Парсал, тIаван, залимаб, таваккал | § 31,32 | 19.03 | |
| 53 | **Калам цебетIезаби.**<br>**Изложение «МухIамад ХIамзатов».** | | | | 21.03 | |
| 54 | ЦIарубакIал падежазде свери. | ХI. 1, 4 хъвазе. | Мокъокъ, ябучу, чадир | § 33 хI. 5. | 02.04 | |
| 55 | ЦIарубакIазул битIунхъвай.<br>ЦIарубакIалъул морфологияб разбор.<br>Контролиял суалал ва тIадкъаял. | Х1. 2, 3, 4 хъвазе.<br>ЦIарубакIалъул морфологияб разбор.<br>Контролиял суалал ва тIадкъаял. | НатI, рокьо, гIатIахинкI, гудур, ражихо | § 34 хI. 5. | 04.04 | |
| 56 | **Диктант.** | | | | 09.04 | |
| 57 | Причастие.<br>Причастиялъул грамматикиял гIаламатал. | ХI. 2, 5 хъвазе . | ХIатI, хъакъаб бугIа, гьохъ, ихх | § 35, 36 | 11.04 | |
| 58 | Предложениялда жаниб причастие.<br>Причастиялъул заманаби. | § 37 хI. 3, 5 хъвазе. | Рощен, хIалуцараб, мукIурлъи, нукар, гьорчо | § 37<br>§ 39 х1. 7 | 16.04 | |
| 59 | Причастияб сверел. | ХI. 1, 2, 3 хъвазе. | Напс, ришват, кьиндал, рецIцIел | § 38 хI. 4. | 18.04 | |
| 60 | **Калам цебетIезаби.**<br>Причастиял сверелалгун предложениялургъизе. | | | | 23.04 | |
| 61 | Причастие падежазде свери.<br>Причастиялъул разбор. | ХI. 2 бицун тIубазе, 3, 5 хъвазе.<br>Причастиялъул морф. разбор. | Тавбу, къехь, гIакIа | § 40, 41 прич. морф. разбор гьаби, контр. | 25.04 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | суалал. | | |
| 62 | Деепричастие. Деепричастиялъул грамматикиял гIаламатал. | XI. 1, 4 хъвазе. Гъум. 94 хI. 2 | Лажбар, призывник, къокъа, юргъачу, альпинист, пири | § 42, 43 Гъум. 94 хI. 3 | 30.04 | |
| 63 | Предложениялда жаниб деепричастиялъул роль. | XI. 2 хъвазе. | Гургур, загIфиран, гIанаби, бакъванчIагIдал | § 44 хI. 2 | 14.05 | |
| 64 | Деепричастиялъул заманаби. | XI. 1 бицун тIубазе, 2, 3 хъвазе. | ПонцIола, гири-гара, гIунула | § 45 хI. 7 | 16.05 | |
| 65 | Деепричастияб сверел. | XI. 5 хъвазе. | | | 21.05 | |
| 66 | Контролияб диктант. | | | | 23.05 | |
| 67 | Деепричастияб сверел. | XI. 2, 4 хъвазе. | Гьаругьин, накъит, айгъир, сухъмахъ, эгъе | § 46 | 28.05 | |
| 68 | Такрар гьаби. | | | | 30.05 | |

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъ VI классалъул цIалдохъабазда цере лъолел аслиял тIалабал.

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

-лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цIарал;
-лъазарурал адабиял терминал, багъадурасул ва тIабигIаталъул сурат, гипербола, аллегория, кидагосеб эпитет;
-программаялда рекIехъе лъазаризе рихьизарурал текстал.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

-минуталда жаниб 100-110 рагIи кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал ритIун, рагIун ва чвахун цIализе;
-лъазабураб асаралдаса хасал лъугьа-бахъинал ратIа рахъизе;
-лъазабулеб асаралда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва гIилла-мурадияб бухьен чIезабизе;
-лъазабулеб асаралъул тексталда жанир сипатиял рагIаби ратизе;
-лъазабулеб асаралъул багьадуразул ищазде балагьун, гьезул гIамал-хасияталъул бицине;
-художествиял, ричIчIизе бигьаял гIелмиял текстал ритIун, чвахун, рагIун цIализе;
-художествиял асарал пасих1Io цIализе;
-гьитIинаб асар, яги кIудиялъул кесек изложение хIисабалда бицинеги хъвазеги;
-захIматалъул темаялда сочинение хъвазе;
-хабарияб асаралъул, яги гьелъул цо бутIаялъул цо план гIуцIизе;
-асаралъул багьадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьи загьир гьабун, жинцаго цIаларал асаразе къимат кьезе.

## VI классалда адабиял темабазда тIоритIулел кIалзулал ва хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпаби.

*Художествиял асарал яги гьезул кескал пасихIго цIали, гьезда гьорлъ рекIехъе лъазаруралги. ЦIалдохъабазул жидерго захIматалъул, гьез жамагIаталъе гьабулеб пайдаяб хIалтIул бицарал сочинениял хъвай. КIудияб гуреб хабарияб асаралъул яги къисаялдаса цо бутIаялъул план гIуцIи. кIалзулаб каламалдалъун сурат цебечIезабизе. Басня сценаялъе къачIай. Багьадураздехун, гьезул ишаздехун бижараб жиндирго пикруги загьир гьабун (бицун), жинцаго цIаларал асаразе, телевизоралдаса яги киноялда рихьизарурал фильмабазе къимат кьей.*

# Авар адабият

| | Дарсил тема. | Дарсида гьабулеб хIалтIул система. | Словарияб хIалтIи | Рокъобе хIалтIи | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Адабияталъ художествияб къагIидаялъ гIумру бихьизаби. | | | | 07.09 | |
| 2 | «Къайицадахъал». | Учителас пасихIго маргьа цIализе. ХIайваназул хIакъалъулъ маргьабазе баян кьезе. | Къайицадахъал, кутан, хъаба, ххвел, хъващтIан, танкан, чIикIизе. | Бицине. Саулазде хIадурлъизе. | 09.09 | |
| 3 | **Класстун къватIисеб ц1али.** «Вацги яцги». | | | | 12.09 | |
| 4 | «Ралъдал чу». | I бутIа пасихIго цIали, лъимал цIализе тIами, суалаздалъун дарс щула гьаби. | ТIину, тIерхьизе, кIкIал, ризаб, рукIел, авлахъ, чармил гъазихъ, чинари | Бицине. | 14.09 | |
| 5 | «Ралъдал чу». | II бут1а пасихIго цIализе, лъимал цIализе тIами, суалаздалъун дарс щула гьаби. | Галан, тIенкел, илагьияб, тIом, сурсуриялда, мусудул, натI | Бицине. | 21.09 | |
| 6 | «Ралъдал чу». | III бутIа пасихIго цIализе, лъимал цIализе тIами, | ЗизитIаби, богIоллъи | Бицине. Саулазде | 23.09 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | суалаздалъун дарс щула гьаби. | | хIадурлъизе. | | |
| 7 | **Калам цебетIезаби.** **«Ралъдал чу» абураб маргьаялъул план гIуцIизе.** | | | | 28.09 | |
| 8 | «МугIрузул ГIали». | Учителас пасихIго цIализе, кочIол магIна бичIчIизабизе | ГIидрадул гохIал, сухъмахъ, гъвелал, тIохил щвемелал, хух, гьорчо, тавбу | Роладе бикьун цIализе.Суалаз де хIадурлъизе. | 30.09 | |
| 9 | «МугIрузул ГIали». | Бицине ругьун гьари. | | Ахираб бутIа рекIехъе лъазабизе. | 03.10 | |

| | Дарсил тема. | Дарсида гьабулеб хIалтIул система. | Словарияб хIалтIи | Рокъобе хIалтIи | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 10 | **Калам цебетIезаби.** **«МугIрузул ГIали» абураб кочIолъан багьадуразул гIамал-хасияталъул бицине, гьезул ишазде балагьун.** | | | | 10.10 | |
| 11 | **А.т.** Халкъиял кIалзул гьунаралъул аслиял тайпаби(маргьаби, кучIдул, кицаби, абиял, бицанкIаби) такрар гьари. ГIажаибал | Аслияб баян кьезе. | | Гьум. 27-33 цIализе. | 13.10 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | маргъабазул хIа-къалъулъ баян гIатIид гъаби. Гипербола. Кидагосел эпитетал. | | | | | |
| 12 | **Класстун къватIисеб цIали. ЦI. ХIамзат «ЧIунталил ханзаби».** | Учителас цIализе. | | Бицине. | 17.10 | |
| 13 | **Зайирбег ГIалиханов** «Бецаб сапар». | Авторасул биография. Учителас цIализе. Бицизе ругьун гьари. | ГIеретI, рокьукъаб, ххенезабизе, кIорокIизе, хъвацIихьит | Бицине. | 20.10 | |
| 14 | Бецаб сапар». **А.т.** Халкъиял маргъабаздаги адабияталъулал маргъабаздаги гьоркьоб батIалъи. | Учителас цIализе. Маргъабазе аслияб баян къезе. | Куса, дегIен, гIаларча, буравгъецI | Бицине.Саулаз де хIадурлъизе. Гьум. 49 цIализе. | 24.10 | |
| 15 | **Класстун къватIисеб цIали. Заид ХIажиев «Дун вижараб росу».** | Хъвадарухъанасул гIумру. Учителас цIализе. | | | 27.10 | |
| 16 | ГIумархIажи Шахтаманов «Халкъалъул ццин». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. I-XIV мисалияб цIали бихьизабизе. | Кьуру, нохъо, си, хIет, мугIрул гIанса, тамало, бис, нилъу, квачI, кьурул гIус | Биогр. бицине. ПасихIго цIализе. | 07.11 | |
| 17 | «Халкъалъул ццин». | XV-XXIII мисалияб цIали бихьизабизе. | Гъегъ, агълу, гIалах, кверщел, нугI | ПасихIго цIали- зе. Суал. | 10.11 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | хIадур. | | |
| 18 II ч. | **Калам цебетIезаби. «Халкъалъул щин» аслиял багъадуразе къимат кьезе.** **А.т.** КочIол къотIелалъул(строфа) хIакъалъулъ авалияб баян. | ЗагIалил образ рагьизе. Чанхъие къимат кьезе. | | | 14.11 | |
| 19 | Инхоса ГIалихIажияв «Будун дамдамаги». | Авторасул биография бици.КочIол мисалияб цIали бихьизабизе.Аслияб пикру рагьизе. Лъимал цIализе тIами. | Будун, чIагIдал гиби, чукъби, пунхъулеб, мегьед, бадибигъ | Биогр. бицине. КечI пасихIго цIализе. | 17.11 | |
| 20 | Кицабиял алфазал (хIалтIуда хурхарал). | Кацабиял алфазал цIализе ва магIна бичIчIизабизе. | ГIорцIен, давла | ЦIализе. | 21.11 | |
| 21 | **Класстун къватIисеб цIали. МухIамадсултан ЯхIяев «Вацако».** | Авторасул биография. Асар цIализе. | | **РекIехъе лъазабизе.** | **24.11** | |
| 22 | ХъахIабросулъа МахIмуд «РекIелъ ияхI бугев аскIовегIан цIай». | Учителас цIализе. | Саринал, наслу, хIебет | Биогр. цIализе. КечI рекIехъе лъазабизе. | 28.11 | |
| 23 | Омарла Батирай «БахIарчиясул хIакъалъулъ». | Хъвадарухъанасул гIумру. Учителас кочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Рогьо, даимаб, зани, лачен, чудкалъ, барти, амузгинал | Биогр. бицине. КечI пасихIго цIализе. | 01.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | А.т. Метафораялъул хIакъалъуль авалияб баян. | | | | | |
| 24 | Йирчи Гъазахъ «Сибиралдаса кагъат». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Гудур, гарацI, нарт, къор, гьод, щекI, кIкIал, чIор | Биогр. бицине. КечI пасихIго цIализе. Сочине- ниялде хIадур. | 04.12 | |
| 25 | **Калам цебетIезаби. Сочинение «Дица гьудуласе гьабураб кумек».** | Кумекалъул суалал хIадур гьари. | | | 08.12 | |
| 26 | «Икъбал». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Икъбал, чамгIаллъи | | 12.12 | |
| 27 | Къуркълиса Щаза «Саву ккана каранда», «ТуманкIул хIараялъуб…» | ШагIиралъул биография бици. КучIду- зул мисалияб цIали бихьизабизе.Аслияб пикру рагьизе. Лъимал цIализе тIами. | ТуманкIул хIара, бекI, мокъокъ, гьин, мах, саву, рекIел дардарал | Биогр. бицине. КечI пасихIго цIализе. | 15.12 | |
| 28 | **ЦIадаса ХIамзат гIумру ва творчество.** | ГIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъуль бицине. | | Бицине. Доклад хIадур гьабизе. | 19.12 | |
| 29 | «Шамил» | Имам Шамилил хIакъалъуль къокъаб баян. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Перо, лачен, хвалчен, гIуж, рукIел, инкар | ПасихIго цIализе. | 22.12 | |
| 30 | **Класстун къватIисеб цIали. Фазу ГIалиева** | ШагIиралъул биография. Фазул кучIдул цIализе. | | РекIехъе цо кечI бицине. Доклад хIадур | 26.12 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | **«КучIдул».** | | | гьаби. | | |
| 31 IIIч. | «Чоде бетIергьанас хъвараб». | Хъвадарухъанасул гIумру. Учителас цIализе. | Гогьаб пунхъи, гьагал харбал | ПасихIго цIализе. | 09.01 | |
| 32 | «Пилги цIунцIраги». | Басня цIализе. Сценаялъе къачIазе. Баснялъул хIакъалъулъ бичIчIи къезе. | НигIматал, ихтилат, пунщизе, лолен | **РекIехъе лъазабизе.** | 12.01 | |
| 33 | «Маймалакги цIулал устарги». **А.т. Басня.** | Басня цIализе. Кинаб пикруялъ кантIизарулел ругел баян гьабизе тIами. | ЧIалу | Басня цIализе. Аслияб тема батизе. | 16.01 | |
| 34 | **Класстун къватIисеб цIали. Муса МухIамадов «ГъитIинав гьокочи».** | | | | 19.01 | |
| 35 | Заид ХIажиев **«ХIанчIикIкIал».** | Авторасул биография. Поэмаялъул мисалияб цIали бихьизабизе. Лъимал цIализе тIами. | Гагу, гогьма, квацIи, чапар, гIакIа, гозо, къурущ, бегIукъ, цIадалхIама, агьлу | Биогр. бицине. Ролазде бикьун цIализе. | 23.01 | |
| 36 | «ХIанчIикIкIал». | Аслияб пикру бичIчIизабизе. Суалазул кумекалдалъун гIадатаб анализ гьаби. | | Суалазде хIадурлъизе. | 26.01 | |
| 37 | «Цакъуги циги» **А.т.** Метафораялъул хIакъалъулъ магIна гъварид гьаби. | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. Метафораялъул хIакъалъулъ магIна гъварид гьаби. | Цакъу, чарухъал, гудур, чан, залимаб, квачI. | ПасихIго цIализе. Суалазде хIадурлъизе. | 30.01 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 38 | **Класстун къватIисеб цIали.** **МухIамад Шамхалов «Баркаман».** | | | | 02.02 | |
| 39 | Ражаб ДинмухIамаев «Хиянатчи». | ШагIиралъул биография бици. I-II бутIа цIализе. | Правление, хвалчен, кIургIарал, чергесаб лага | Биогр.цIализе. I-II бицине. | 06.02 | |
| 40 | «Хиянатчи». | III бутIа цIализе. | ХIенсезе, ссудизе, женжедизе, щекI, чIагIа | III бицине. | 09.02 | |
| 41 | «Хиянатчи». | IV-V бутIа цIализе. | Щоб, парс, парсцIулакьо, нугI, акт, нохъо | IV-V бицине. | 13.02 | |
| 42 | «Хиянатчи». | VI-VII бутIа цIализе. | Исхъалидул чухъа, хулжал, лал тIамизе | VI-VII бицине. | 16.02 | |
| 43 | «Хиянатчи». А.т. Хабариял асаразул тайпаби: роман, къиса, хабар. | VIII, IX, X бутIа цIализе. | Найил тIулби, инспектор, халича, казарма, нохъо | VIII, IX, X бицине. Суалазде хIадурлъизе | 20.02 | |
| 44 | **Калам цебетIезаби.** **«Хиянатчи» абураб асаралъул цо бутIаялъул изложение хъвазе.** | План гIуцIизе. | | | 23.02 | |
| 45 | Расул ХIамзатов **«Россиялъул солдатал».** | ШагIирасул гIумру ва творчество. I- II бутIа пасихIго цIализе. ГIабдулманаповасул | НугI, гIарадачагIи, дангъур, язихъ, янгъиз, хеч, ччобори, гIасру. | Р. ХIамзатовасул доклад хIадур. гьабизе. | 27.02 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | хIакъалъулъ бицине. | | Поэма пасихIго цIализе. | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 46 | «Россиялъул солдатал». | III- IV бутIаялъул мисалияб цIали бихьиза- бизе. Сочинениялъе лъимал хIадур гьаризе. | Бо, даимаб, тIалъи, расалъи, тIелхал | КечI пасихIго цIализе. | 02.03 | |
| 47 | **Калам цебетIезаби. Сочинение «Дагъистаналъул бахIарчи».** | | | | 06.03 | |
| 48 | «Къункъраби». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Къоно, тIаван, къайицадахъал | **РекIехъе лъазабизе.** | **09.03** | |
| 49 | Фазу ГIалиева «МагIарулав ». | ШагIиралъул биография. Доку Асадулаевасул хIакъалъулъ бицине. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Саринал, тIамур, гьелчезе, чIва, пандур, гулла, гIомо, чабхъен | Доклад хIадур гьаби. **РекIехъе лъазабизе.** | 13.03 | |
| 50 | ХIусен ХIажиев «ГIалибегил къулгIа». | Хъвадарухъанасул гIумру. Учителас асар цIализе. | КъулгIа, гъасито, гIачIар | Гьум. 158-162 бицине. | 16.03 | |
| 51 | «ГIалибегил къулгIа». | Учителас асар цIализе. | Паж, къор, сан, чирмакъали | Гьум. 163-167 бицине. | 20.03 | |
| 52 | **Класстун къватIисеб цIали. ГIабдулвагьаб Сулейманов «Гъуниб».** | | | | 23.03 | |
| 53 | МухIамад ГIабдулхIалимов | Авторасул биография. I бутIа цIализе. | Мегъ, палугьан, расанкIо | I бицине. | 03.04 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | «Госпиталалъул вас». | | | | | |
| 54 | Госпиталалъул вас». | II бутIа цIализе. | Къунсрул, тIелхал, хъоп | II бицине. | 06.04 | |
| 55 | Госпиталалъул вас». | III бутIа цIализе. | Такъсир, хилиплъи | III бицине. | 10.04 | |
| 56 | «Госпиталалъул вас». А.т. Композициялъул хIакъа -лъулъ авалияб баян. Къисаялъул хIакъалъулъ баян гъварид гьаби. | IV бутIа цIализе. План гIуцIизе. Композициялъул хIакъалъулъ авалияб баян. Къисаялъул хIакъалъулъ баян гъварид гьаби. | КIаркъен, | IV бицине. | 13.04 | |
| 57 | Багьатар ХIажиев «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул». **«ЦIияв гьудул».** | Авторасул биография. «ЦIияв гьудул» абураб бутIа цIализе. | Гьапуллъана, тасамахIлъи | Автор. биография цI. Хабар бицине. | 17.04 | |
| 58 | «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул». **«Гьайирбигица бицараб хабар».** | «Гьайирбигица бицараб хабар» абураб бутIа цIализе. | Тирияб, къор, хъалиян | Бицине. | 20.04 | |
| 59 | «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул». **«Гьайирбигица бицараб хабар».** | «Гьайирбигица бицараб хабар» абураб бутIа цIализе. | ЦIиркъ, квачI | | **24.04** | |
| 60 | «Дихъ ралагьун чIа, мугIрул». **«БацIилгун ракъ».** | «БацIилгун ракъ» абураб бутIа цIализе. Пейзажияб лирикаялъул | Недегьал гьурал | Бицине. | 27.04 | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | А.т. Пейзажияб лирика. | хIакъалъулъ баян. | | | | |
| 61 | Эффенди Капиев «Разведчикал». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. Асар цIализе. | Балкан, гIодорлъи, хъуцI, муцIи | Бицине. | 04.05 | |
| 62 | «Сабаб». | Асар цIализе. | Напс, якъинаб | Бицине. | 07.05 | |
| 63 | «МагIарухъ чвахунцIад». А.т. Очеркалъул хабаралъул хIакъалъулъ баян. | Асар цIализе. Очеркалъул хабаралъул хIакъалъулъ баян. | ЧвахунцIад, ихх, карачел, пири, цIахIилаб, недегъаб, гогълъи | ЦIад къотIун хадуб, тIабигIаталъул бицунеб бутIа рекIехъе бицине. | 11.05 | |
| 64 | МухIамадсултан ЯхIяев «Лъабго бакъ». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. ЦIализе. | Шавкъ, гьуърул, сура-хIи, ххвел, бахьинаб | Гьум. 228-234 бищ. | 15.05 | |
| 65 | «Лъабго бакъ». | ЦIализе. | Мокърукъ,къамартIав | Гьум. 235-241 биц. | 18.05 | |
| 66 | «Лъабго бакъ». | ЦIализе. | Кар, президиум | Гьум. 241-247 биц. | 22.05 | |
| 67 | Хашагиса Беццав Къурбан «Мискинав Шахул яс». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. КечI цIализе. | Панз, ресукълъи, хан- жар, жанавар, кверщел | КечI пасихIго цIализе. | 25.05 | |
| 68 | Такрар гьаби. | | | | 29.05 | |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 603332450510203670830559428146817986133868575785

Владелец Омаров Халид Насрулаевич

Действителен С 31.03.2021 по 31.03.2022